



# Evalyasyon Refleksyon Elèv Florida (Assessment of Student Thinking, FAST) ak Tès Adaptif pa òdinatè (Computer Adaptive Testing, CAT)

## Enfòmasyon pou Paran

### Kisa CAT ye?

- Yon evalyasyon anliy ki ajistab an fonksyon repons elèv la
- Kontni nivo eskolè a sèlman (pa ale pi wo oswa pi ba pase nivo eskolè a)
- Dat Tès PM3 yo: Ekriti 3/31-4/11, Matematik ak Syans 5/1-5/30

### Ki tès ki tès CAT yo?

- FAST K-2
- Literati Lang Anglè (English Language Arts)  
FAST 3yèm jiska 10yèm ane
- Matematik FAST 3yèm jiska 8yèm ane
- Aljèb 1
- Jewometri Fen Klas la
- Syans ak Etid Sosyal

### Kijan mwen kapab ede timoun mwen an?

- ✓ Aksede nan Pòtay Fanmilyal FAST lan (FAST Family Portal) pou konsilte nòt PM1 ak PM2 yo pou fikse objektif avèk elèv ou a. Chak tès ap reprann nan nivo elèv la te kanpe a, ankouraje li pou li bay meyè nan sa li gen nan li nan chak tès.
- ✓ Ankouraje li pou li bay meyè nan sa li gen nan li pou chak kesyon anvan li ale nan pwochen kesyon an. Sa anpeche nivo tès la desann nan pwochen kesyon an.
- ✓ Ankouraje elèv yo lè w di yo, "Toutotan l ap pi difisil, se toutotan w ap pi byen degaje w!" Plis ou reyisi nan kontni estimilan an, se plis w ap jwenn yon nòt nou ajiste ki pi wo.
- ✓ Sèvi ak papye bouyon pou pran nòt ak rezoud pwoblèm yo.
- ✓ Itilize resous yo lakay ou tankou IXL, tès pratik FAST yo, elatriye.
- ✓ Vizite Pòtay FAST lan pou plis enfòmasyon.
- ✓ Egzamine Nòt Nivo Akonplisman yo pou timoun ou an konprann pwogrè li yo:



Vrèman Anba Nivo Eskolè a: Gen anpil chans pou li bezwen gwo asistans pou pwochen ane/kou a	Anba Nivo Eskolè a: Gen anpil chans pou li bezwen gwo asistans pou pwochen ane/kou a	Nan Nivo Eskolè a: Li ka bezwen asistans adisyonèl pou pwochen ane/kou a	Konpetan: Gen anpil chans pou li eksele nan pwochen ane/kou a	Egzanplè: Vrèman gen anpil chans pou li eksele nan pwochen ane/kou a
--	---	---	--	---